# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–10 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

वन विभाग क टीमि बहराइच जिला में एगो अउरियों भेड़िया के पकड़ले में कामयाबी हासिल कइले हौ। जवन गांव वालन पर हमला कइ रहल रहे। बहराइच क तराइ इलाका में छौ भेड़ियन के झुण्ड में से ई पंचवा भेड़िया हवे जेके वन विभाग क टीमि पकड़ लिहले हवे। पछिला कुछु महिन्ना में बहराइच क महसी तहसील इलाका में भेड़ियन के हमला में नौ गो लइकन के सथहीं दस लोगिन क मउति हो चुकल हौ। वन विभाग क बीस से बेसी टीमि ड्रोन कैमरा की मदद से भेड़ियन के झुण्ड का तलास कई रहल हवे। सरकार इलाका में ढेरि पुलिस के साथे–साथे पीएसी अउर वन विभाग क टीमियों तैनात कइले हवे। अबले कुल पांच गो भेड़ियन के पकड़ले में सफलता मिलल हौ। ऐह में से पहिले पकड़ल गइल चार भेड़ियन के गोरखपुर चिड़ियाघर भेज दिहल गइल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में छह सौ सैंतालीस वन रक्षक अउर वन्यजीव रक्षक आ एकतालीस अवर अभियंता के नियुक्ति पत्र बंटलें। नियुक्ति पत्र बटले खातिर लोकभवन में आयोजित भइल समारोह में मुख्यमंत्री कहलें कि नवनियुक्त वन रक्षक अउर वन्यजीव रक्षक जलवायु परिवर्तन का बुरा प्रभाव कम कइले में बढ़हन भूमिका निभा सकेलें। मुख्यमंत्री कहलें कि जलवायु परिवर्तन देस अउर दुनिया खातिर ढेरि चिन्ता क विषय हौ। येके देखत सरकार बरिस दुइ हजार अट्ठाइस–ओनतीस ले राज्य में पनरह फीसदी वन आच्छादन क लक्ष्य रखले हवे। उहां के बतवलीं कि येह लक्ष्य के पावे बदे हर बरिस बढ़हन पैमाना पर पौधा लगावल जा रहल हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि पौध रोपण खाली कार्यक्रमवे नही बलुक जिनगी के रक्षा क बढ़िया उपाय हौ।

**********

प्रदेस क पहिला मुख्यमंत्री अउर देस क गृहमंत्री रहल भारत रत्न पण्डित गोविन्द वल्लभपंत क आजु एक सौ सैंतीसवां जयंती हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ क लोक भवन परिसर में पण्डित पंत क मूरति पर माला चढ़ा के ओन्हें भाव भीनी श्रद्धांजलि दिहलें। मुख्यमंत्री कहलें कि पण्डित गोविन्द वल्लभ पंत अविभाजित उत्तर प्रदेश बदे अउर देस क आंतरिक सुरक्षा खातिर जवन कार कइलें रहलें ऊ हमेशा याद कइल जाइ।

**********

राज्य व्यावसायिक प्रशिक्षण परिषद सज्जें राजकीय अउर निजी औद्योगिक प्रशिक्षण संस्थानन, आईटीआई में चउथा फेरा क प्रवेस बदे अधिसूचना जारी कइ दिहले हवे। तीनि फेरा का प्रवेस प्रक्रिया खतम भइले के बाद आईटीआई में खाली सीटिनि क जनकारी परिषद का वेवसाइट पर उपलब्ध बाटें। चउथा फेरा में प्रवेस क प्रक्रिया बिहने से सुरू होके पनरह सितंबर ले चली।

**********

हज कमेटी ऑफ इण्डिया हज यात्रा बदे आवेदन कइले क आखिरी तारिख के तेइस सितंबर खातिर बढ़ा दिहले हवे। हज कमेटी क मुख्य कार्यकारी अधिकारी डाक्टर लियाकत अली बतवलें कि हज यात्रा पर गइले के इच्छुक लोगि कमेटी क वेबसाइट चाहे मोबाईल एप हज सुविधा क जरिया से ऑनलाइन आवेदन कइ सकेलें। उहां के बतवलीं कि हज यात्रा खातिर अंतराष्ट्रीय पासपोर्ट क वैधता पनरह जनौरी दुइ हजार छब्बीस ले होखे जरूरी हौ। ओहर राज्य हज कमेटी लखनऊ क सरोजनी नगर स्थित हज हाउस में आवेदकन क मदद खातिर हेल्प डेस्क बनवले हवे।

**********

कुशीनगर जिला में नगर क्षेत्र क लोगिन के स्वरोजगार उपलब्ध करावे खातिर जिला नगरीय विकास अभिकरण, डूडा के ओरि से संचालित पी.एम. स्वनिधि योजना में दुइ गो नगर पालिका के बढ़िया कार करे बदे राष्ट्रीय अउर राज्य स्तर पर चुनल गइल हौ। डूडा क सहर मिशन प्रबन्धक राजदीप यादव बतवलें कि नगर पालिका हाटा के राष्ट्रीय अउर राज्य स्तरीय पुरस्कार बदे अउर नगर पालिका पडरौना के राज्य स्तरीय पुरस्कार खातिर चुनल गइल हौ। पीएम स्वनिधि योजना के लेके गोरखपुर नगर निगमों के राष्ट्रीय श्रेणी क दुइ गो अउर राज्य श्रेणी क दुइ गो पुरस्कार खतिर चुनल गइल हौ। पुरस्कार वितरण बिहने लखनऊ में नगर विकास मंत्री की ओरि से कइल जाइ।

**********

भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर में राजकीय बौद्ध संग्रहालय क कायाकल्प बदे सासन एक करोड़, अठहत्तर लाख, चौसठ हजार रुपिया क धनराशि मंजूर कइले हवे। येह संबंध में कुशीनगर क विधायक पी एन पाठक बतवलें कि स्वीकृत धनराशि से संग्रहालय परिसर में जर्जर भवनन क मरम्मत क सथहीं सुंदरीकरण क कार कइल जाई। उहां के बतवलीं कि अंतरराष्ट्रीय पर्यटक स्थली होखे के नाते कुशीनगर में हर बरिस लाखों बौद्ध धरम क अनुयायी अउर पर्यटक आवेलें।

**********

पोषण माह के तहत आजु बनारस के काशी विद्यापीठ ब्लॉक के मूड़ादेव ग्राम सभा में स्थित आंगनबाड़ी केन्द्र पर स्वस्थ बालक–बालिका प्रतियोगिता क आयोजन कइल गइल। प्रतियोगिता में छौ बरिस ले के पच्चीस लइके हिस्सा लिहलें। येह दौरान आंगनबाड़ी केन्द्र के ओरि से लइकन के अभिभावकन के पोषक आहार, टीकाकरण अउर साफ सफाई के संबंध में जागरूक कइल गइल।

**********